Baris	Transkrip Verbatim	Koding/ Analisis
1	Lek nyuwun ngapunten, saya dengar kok	
2	ada sesuatu nggih, hehe	
3	Opo yo mbak?	
4	Ya kemarin-kemarin saya dengar kok	
5	katanya mbak sun,,	
6	Oalah iya mbak, yo khilaf kemau mbak, lha	
7	jenengan ngertos saking pundi embak	
8	Ya kan pas ndilalah saya ada di rmah,	
9	njuk denger sruwing-sruwing ngoten	
10	Iyo mbak, yo rung suwe wingi mamake andra	
11	ki keno goda dadi rodo ruwet kae yoan	
12	Lha niku pun dangu nopo kang?	
13	Yo urung sih mbak	
14	Dados ngoten, kulo mriki nyuwun	
15	ngapunten sakestu, badhe nyuwun tulung	
16	kalih panjenengan mbok menawi kerso	
17	dados subjek kulo, soale skripsi kulo	
18	tentang kehidupan rumah tangga	
19	Tentang opone mbak?	
20	Nggih kulo niki ngambil tema tentang	
21	perselingkuhan, nah kan ndilalah cedak	
22	mriki onten, menowo kerso mangkih kulo	
23	wawancara penjenengan nek sampun	
24	angsal perintah saking dosen, ngoten	
25	Yo nek selama aku iso mbantu ra masalah	
26	mbak, engko tak jawab sak isoku. lha kiro-	
27	kiro bahasane opo wae mbak?	
28	Nggih katah kang, menawi mangkih	
29	sebab-sebab pemicu konflik, trus alasan-	
30	alasan jenengan masih satu rumah,	
31	Yo yo nek aku rapopo mbak, tapi yo kemau	
32	mungkin mengko wawancarane nek bojoku	
33	ra ono wae, ben kabeh penak, mosok aku	

<p>34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52 53 54 55 56 57 58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74 75 76 77 78 79</p>	<p>ngomongke wonge neng ngandingku kan yo ewoh mbak,, hehe</p> <p>Nggih nderek mawon nek saya</p> <p>Lha ajeng mulai kapan mbak?</p> <p>Nggih sakniki nek jenengan mboten ten pundi-pundi, mungkin saget cerito garis besare mawon</p> <p><u>Yo intine bojoku ki seneng karo uwong mbak, gek dadi masalah neng rumah tangga soale kan yo reti dewe mbak, jenenge wong wis bebojoan trus duwe anak to, mosok yo iso koyo ngono kan yo diluar nalar</u></p> <p>Jenengan kok saget bertahan sampai sekarang? hehe</p> <p><u>Mesakke anaku mbak, aku dewe wis wong tui arep ngene-ngene yo ra kepenak karo tonggo teparo</u></p> <p>Kluarga sedanten ngertos?</p> <p><u>Ngerti mbak, sopo sik ra reti mbak, berita kuwi wis tekan mbuh parane kuk</u></p> <p>Isin nggih kang nek dirasake?</p> <p><u>Yo biyungalah mbak rasane, ra kor isin, merasa di injak-injak barang, rasane koyo rep mati wae kae nek pas mbiyen-mbiyen sak durunge apik ki, wis dadi omongan dadi judul neng ndi ndi ibarate</u></p> <p>Ndilalah kok jenengan nggih diparingi kiat, Alhamdulillah</p> <p><u>Kuat ra kuat tetep kudu kuat mbak, anaku wis gede gek gor siji mosok mbokne wis koyo ngono po aku rep melu-melu rak yo malah bubrah kabeh mbak, aku nek nuruti awaku dewe yo wis mbuh mbak, neng ati kemranyas ra karuan jhe, tapi nek kelingan anak yo kuwi mau tetep ngampet mbuh rasane kepiye</u></p> <p>Lha niku ki masalahe nopo to kiro-kiro?</p> <p><u>Ekonomi mbokan mbak</u></p> <p>Oalah,, kirang nafkahe</p> <p>Iyo mestine mbak, rumangsaku yowis cukup tapi kok dadi koyo ngene</p> <p>Hehe nggih mungkin ada faktor lain yang tidak disadari</p> <p><u>Yo iso wae mbak, tapi kan sakdurunge yo ga pernah ada konflik seperti ini mbak, konflik-konflik biasa yo jarang</u></p>	<p>Konflik dalam rumah tangga informan disebabkan karena istri menyukai laki-laki lain (WR:W1:41-45)</p> <p>Informan bertahan dengan alasan anak (WR:W1:48-50)</p> <p>Keluarga informan mnegetahui konflik tersebut (WR:W1:52-53)</p> <p>Informan merasa malu, merasa di injak-injak dan mempunyai keinginan untuk mati (WR:W1:55-59)</p> <p>Informan memilih mengalah demi keutuhan rumah tangga (WR:W1:62-69)</p> <p>Konflik disebabkan karena faktor ekonomi (WR:W1:71)</p> <p>Tidak pernah ada konflik dalam rumah tangga (WR:W1:77-79)</p>
--	---	---

<p>80 81 82 83 84 85 86 87 88 89 90 91 92 93 94 95 96 97 98 99 100 101 102 103 104 105 106 107 108 109 110 111 112 113 114 115 116 117 118 119 120 121 122 123 124 125</p>	<p>Nggih pripun malih kang, sabar kudune. hehe <u>Rasane nek awal kae koyo pengen mandek urip mbak, loro tenan rasane neng kene ki, tapi.. yo jenenge uwong yo mbak. sok ra reti piye karepe gusti Allah. mungkin drajat ku rep di duwurke po piye kuk yo ujiane ki abote koyo ngene ki</u> Mugi gek ndang rampung, gek sedoyo penak kang Amin mbak, jenegan ki kok njikuk kasus koyo ngene ki ben piye to mbak? Nggih nek jurusan kulo kan judule nggih tentang masalah-masalah kehidupan seseorang nggih enten sik tentang cacat, enten sik tentang keluarga kados kulo niki. nek tujuan nggih menambah wawasan dari pengalaman orang, pengalaman hidup hehe Gek engko disampeke dosen po mbak? Nggih mangkih enten laporane, enten ujiane ngoten. andra ajeng disekolahke? <u>Nek pingine yo ho.o mbak wong mung anak siji kok, rugi nek gor koyo bapak mbokne, tapi yo delok sisuk mbak, wong di nggo Maem wae susahe koyo ngene kok mbak, opo meneh nggo ragat sekolah. saiki ragat SMP SMA we okehe pol. kadang aku yo sok mumet mikir duit kok ono-ono wae, gek ndilalah wayahe andra ujian malah ono ujian koyo ngene, rasane gor nglumbruk mbak</u> Nggih yaqin mawon, dalan rejeki kan saget saking pundi-pundi, hehe. Nek menurutu jenegan kinten-kinten mamake andra ki saget balik malih mboten? ngapunten nggih niki <u>Yo pinuwune bali mbak, tapi nek aku dewe jujur nek kon koyo mbiyen yo jelas angel to mbak. opo-opo ki nek wis keno goda ki kok rasane abot, andra barang nek re sengit yo ora mung kadang ki sok token takon kae lho, piya piye mamak ngunu kuwi, aku yo sok jawab yo ra piye-piye le mamak ki mung lagi keno goda sisuk yo bali, aku senengane nguatke anak mbak, tapi aku dewe jane yo rodo ra iso ngampet. yo bayangke yo mbak</u></p>	<p>Informan merasa ingin mengakhiri hidup karena tidak kuat menahan sakit hati (WR:W1:82-87)</p> <p>Informan mengeluh dengan beratnya kebutuhan dan konflik yang menimpa kehidupannya (WR:W1:102-110)</p> <p>Informan merasa sulit untuk kembali ke kehidupan seperti sebelumnya tetapi tetep berusaha menguatkan anaknya (WR:W1:116-129)</p>
--	---	---

<p>126 127 128 129 130 131 132 133 134 135 136 137 138 139 140 141 142 143 144 145 146 147 148 149 150 151 152 153 154 155 156</p>	<p><u>uwong sik dipercoyo seumur-umur kok</u> <u>kelakuane koyo nguu gek padahal neng</u> <u>tonggo teparo ki delokane koyo ngopo, kan</u> <u>yo piye yo mbak nek koyo ngunu kuwi ki</u> Niku jenengan nate punya keinginan buat aneh-aneh mboten? misal bunuh diri amiit <u>Ora sih mbak, ya mung pas awal kae saking</u> <u>ga kuate mung rasane pengen lungu adoh</u> <u>seko kene trus mbuh piye carane aku ra bali</u> <u>meneh</u> Jenengan seneng crito kalih sinten to? Kang mesran kae lho, aku masalah iki sering nyane wonge, soale nek liyane aku ra cerak. nek karo wonge mbendino aku nek ono opo- opo mesti nyane wonge ngasi tengah wengi barang aku ki nek crito karo wonge mbak.. wonge yo penak dadi ngbrol opo wae ki ra kroso ra ngerti wayah Nggih mbenjang nek kulo nggali data saking piyambake mboten nopo-nopo nggih? Yo kono mbak ra popo, nek wonge ki sak penake uwong kok Nggih nek ngoten lanjut ke wekdal liyane nggih kulom pamit riyen, mangkih kulo hubungi malih nek kulo ajeng kepanggeh jenengan Nomerku sik iki mbak, udu sik wingi kae, sik wingi nomere bojoku trus hapene wis tak banting, hehe</p>	<p>Informan pernah memiliki keinginan untuk mengakhiri hidup pada awal konflik muncul (WR:W1:132-135)</p>
--	---	---

VERBATIM WAWANCARA KEY INFORMAN

Nama Subjek : WR
 Usia : 44 Tahun
 Jenis Kelamin : Laki-laki
 Tanggal Wawancara : 6 November 2016
 Lokasi Wawancara : Rumah Subjek
 Wawancara ke : Kedua
 Waktu Wawancara : 10.00-11.00

Kode : W-2

Baris	Transkrip Verbatim	Koding/ Analisis
1	Nyuwun ngapunten mau tanya tanya	
2	keluarga jenengan, Tanggal lahir	
3	jenengan istri?	
4	<u>28 Agustus 1973, 13 Juli 1981</u>	Identitas informan dan istri
5	Jarak	(WR:W2:4)
6	<u>9 Tahun</u>	Jarak usia dengan istri
7	Sekolah	(WR:W2:6)
8	<u>Tsanawiyah SMP</u>	Identitas pendidikan
9	Lha AN pinte tahun sakniki	(WR:W2:8)
10	<u>16 tahun,</u>	Usia anak (WR:W2:10)
11	Pun 16 tahun to?	
12	Mei wingi. saiki bulan piro to? enem?	
13	Sakniki 11	
14	Oh iyo berarti 16 luwih AN ki	
15	Berarti usia pernikahane pun dangu?	
16	<u>99..AN lahir tahun 2000</u>	Identitas anak (WR:W2:16)
17	Mbak S nggih SMP?	
18	<u>Iyo Muntuk</u>	Identitas pendidikan istri
19	Adik kelas nggih?	(WR:W2:18)
20	Adoh..aku lulusan 88, kono 9 piro ngono	
21	lulusane	
22	Nikah usia pinten?	
23	<u>Aku 28,,trus bojoku 19</u>	Usia saat menikah
24	Kenalane pripun e niku? heheh	(WR:W2:23)
25	<u>Yo kenal biasa, sering bareng, ketemu sok</u>	Istri adalah teman mengaji
26	<u>pengajian bareng, ngaji bareng</u>	(WR:W2:25-26)
27	Sik Asli mriki ki jenengan nopo mbak S?	
28	<u>Aku sik asli kene</u>	Identitas informan
29	Lha mbak S?	(WR:W2:28)
30	Kowe reti ne mbah wir rung?	
31	Mboten	
32	Lek nasiyah?	
33	Emm mboten.	

<p>34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52 53 54 55 56 57 58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74 75 76 77 78 79</p>	<p>Halah mung kene ki lho, umah cerak e jumahir, oo.. nggih ngertos nah iku ngisore umah no siji sik tengen dalam sak duS ngih tasihan? <u>Iyo sak duS bedo rt mungan..kono rt 2 aku rt siji, tonggo</u> Di jodohke mboten? Ora Riyen enten pacaran mboten e? Kekancan yo eneng, yoo penjajakan ngunu kae lho Berarti nggih surat suratan niko? Yo ho.o hehehe AN ten nggriyo to? Iyo yo bar loro kae njuk tak kon neng umah sikik, Sekolahe pundi to? <u>Smk janti, pleret kae lho</u> Kan AN pun gede, mboten pengen di damelke adi? <u>Yoo nek aku dewe pengen, tapi wong wedok ra gelem, yo mungkin ndelok kahanan,, kahanan ekonomi</u> Lha kulo kan mireng kabar sik heboh wingi niko? ngapunten. Heheh iyo,, Niku jenengan ngertos saking pundi e? <u>Seko sikape,</u> Sikap sik pripun e? <u>Ngertine seko sikape. Hari-hari ki sikape jog jogan, trus hapene ora budhal seko awak.</u> <u>Nah ndilalah pas kelalen hape tak buka kuwi eneng smse. Kan nek eneng sms dihapus terus ndilalah ono sitok le njawab ngko sikik. Trus aku kan iki ngko sikik ki ngopo.. trus tak takoni “kowe disms ngopo, dijak dolan nandi? Kepiye? Kok ono sms lehmu jawab ngko sikek.” “Yoo mangkat berjanji” mangkat berjanji kok jam 2 awan. Lah mencurigakan to., berjanji kok jam 2 awan.. trus rumongso. Pulsa ki ping 12 le mlebu. Akeh banget too mbak. Kabeh tak tulis.. sing ping 6 ra tak tulis ra kelingan. Sing ping 7-12 tak tulis.</u></p>	<p>Identitas informan dan istri (WR:W2:40-41)</p> <p>Identitas pendidikan anak (WR:W2:53)</p> <p>Istri tidak ingin memiliki anak lagi (WR:W2:56-58)</p> <p>Konflik berawal dari sikap istri (WR:W2:63) Informan mengetahui perselingkuhan istri melalui perilaku istri yang selalu membawa handphone kemanapun, selalu ada pulsa masuk setiap satu minggu sekali (WR:W2:65-79)</p>
--	--	--

<p>80 81 82 83 84 85 86 87 88 89 90 91 92 93 94 95 96 97 98 99 100 101 102 103 104 105 106 107 108 109 110 111 112 113 114 115 116 117 118 119 120 121 122 123 124 125</p>	<p>Niku let per bulan nopo ? Ora mbak kadang let 2 dino 3 dino Emmm.. Gek ngakune sing lanang ming ping 3. Njenengan tanglet? <u>Hoo. Aku langsung tak pethukke. Neng nggih wong wedok ro aku kasar, ro anak kasar.</u> Tapi biasane mboten.? Ora,, iki ngopooo..Si suroto kene ki yo mbatin. Ngerteni.. kok kasare kongono to kang, adhine S kae yo S kae karo anak kok koyo ngno kang... kok kasare kongono ya Kasare niku fisik nopo suoro? <u>Suoro, njuk ne karo aku ngereh wae..ora gek bar nopo njuk ngono... Suroto yo mbatin sajake sak wise nduwe hp. Cuman sms wis dibusak.i kabeh. Ndilalah kelenan sitok kuwi mau.. kok kon mangkat berjanji? Berjanji kok awan awan jam 2 ki berjanji nandi?</u> Trus njawabe pripun? Ora njawab. Mungkin de.e rumongso kleru mestine..isoh isoh kebukak.. Trus njenengan tangklet pun dangu dereng le smsan? <u>Nek pulsa ki le mlebu ket poso tahun 2015 kuwi mulaine. Kuwi wong wedok ki yow is ngerti mestine..wis ngerti nek sing ngirim kono ning lak njuk trus muni aku ntuk pulsa nyasar. Oh yo peneran. Aku yo ming sok ngono kuwi .. kok teross wae. Tekan bulan 9 2015 wingi eh po malah januari le isoh kebuka kabeh.</u> Berarti pun setahunan? Iya wes suwe. <u>Aku yo ming mbatin. Mugo mugo nek dugaanku bener iso sadar, malah selot siwe selot nemen. Aku wis curiga sing lanang barang ki gerak gerik,e wis tak curigani gek malah wonge soyo akrabe sing lanang karo wedok mau to ngomong karo wong liyo nek nang kene k iwis ngeroso ra kepenak ngono..</u> Teng ndeso? Hoo. Nang kenen nang daerah lingkungan kene. Sing ngomong sing lanang.. kok rasaku rak kpenak nang kono. Lha saking</p>	<p>Istri mulai kasar dengan anak dan istri (WR:W2:85-87)</p> <p>Istri kasar dalam bentuk verbal (WR:W2:94-95)</p> <p>Informan menemukan sms yang mencurigakan di handphone istri (WR:W2:97-99)</p> <p>Istri dibelikan pulsa oleh selingkuhan mulai bulan puasa 2015 (WR:W2:105-106)</p> <p>Informan mengetahui perilaku selingkuh istri bulan januari 2015 (WR:W2:110-112)</p> <p>Konflik terjadi satu tahun lebih, istri semakin dekat dengan selingkuhanya (WR:W2:114-121)</p>
--	---	--

126	akrabe..	
127	Niku nate ketemu teng pundi?	
128	<u>Ming bel belan. Sing tak tengeri ming bel-</u>	Bentuk perselingkuan
129	<u>belan.</u> Lhah aku kerjo nang kulon kono,	yang diketahui informan,
130	nane Sopyan kae,, lhah aku mangkat, sing	istri sering telponan
131	lanang ngalor ra bali bali to.. trus aku takon	(WR:W2:128-129)
132	Teguh kae, Guh ustazmu nandi Guh?	
133	Nganu kang bel belan nang kono kae,	
134	sanding Sugiyat lhah aku trus ngebel	
135	ngomah, Ngomah gek sibuk. Gek sibuk too	
136	nah nek iki genah nek gek dibel trus awan	
137	mulih. Tak takoni mau bel belan ro sopo.	
138	“ora bel belan. Sore tak takoni meneh. Kowe	
139	<u>bel belan ro R meneh to?</u> Hoo. Soale sing	Informan menegur istri
140	lanang ki ngerti neka ku lungu wes trus main	secara langSg
141	hp. Mulane pulsa ki mbelu teros,,, pulsa	(WR:W2:139)
142	mlebu teros.	
143	Nyekel hp terus niku?	
144	<u>Nang omah hp ki ra metu seko sak. Ra metu</u>	Informan membuka
145	<u>seko sak. Ndilalah kelenan. Kelenan tak</u>	handphone istri secara
146	<u>buka.</u>	diam-diam (WR:W2:144-
147	Niku riyen nate dadi rencang cerak.e	146)
148	nopo?	
149	Heem	
150	Tapi nek sakniki pun berubah dereng?	
151	<u>Nek sakiki coro lahir wis berubah ning sing</u>	Istri mulai berubah secara
152	<u>batin wis lumayan ono perubahan.</u>	lahir (WR:W2:151-152)
153	Niku sing kakung gadah anak?	
154	<u>Nduwe anak kelas 3 po papat lali aku. La</u>	Istri teleponan dengan
155	<u>kadang nek ngeterke sekolah bel belan.</u>	selingkuan saat jam
156	Kono kan adoh seko omah.	sekolah anak
157	Berarti njenengan le nyurigai wis	(WR:W2:154-155)
158	setahunan?	
159	<u>Ya wis setahunan.</u>	Informan mencurigai istri
160	Tapi le terbukti nembe?	selama kurang lebih satu
161	He.em	tahun (WR:W2:159)
162	Tapi le berubah kasar niku kapan ya?	
163	<u>Wis kiro kiro karo kecurigaanku ki 6 bulan.</u>	Istri mulai kasar semenjak
164	Kasare kalih anak pripun?	informan mencurigainya
165	Nggen suoro, ngko kadang nek merintah	selama 6 bulan awal
166	merintah niku kasar	(WR:W2:163)
167	Berarti kalih liyane mboten?	
168	Ora..	Keluarga mengetahui
169	Niku keluarga ngertos sedanten sing	konflik yang terjadi antara
170	mriko kalih mriki?	informan dan istri
171	<u>Ngerti .</u>	(WR:W2:171)

172	Trus dinganu dirembug nopo mboten..?	
173	<u>Nggeh nganu nek sing ngaku rono yo</u>	Informan menemui
174	<u>pethukan tak pethukke. Aku ro kono. Wong</u>	selingkuhan istri
175	<u>gampangane pikirne wong kan bedo bedo</u>	(WR:W2:173-174)
176	<u>gampangane nek aku wis nrimo sing liyane</u>	
177	<u>urung ndak</u>	
178	Ketemune pripun?	
179	<u>Aku rono njuk ngajak ketemuan cerak</u>	Informan menemui
180	<u>mburine pak tuwuh wis bare kuwi ngajak</u>	selingkuhan istri dan
181	<u>ziarah nang San Geseng.</u>	mengajaknya berziarah ke
182	Sing pundi?	salah satu makam
183	<u>Sing wedok. Bar kui yoo emoh udan udan</u>	(WR:W2:179-181)
184	<u>memeng. Atiku gek ra penak sidane ra</u>	
185	<u>mangkat.</u>	
186	Rombongan niku?	
187	<u>Wong telu sing lanang wedok lagek aku.</u>	
188	<u>Lagek nang kono ki ngucapke syahadat karo</u>	Informan merasa sakit hati
189	<u>salaman. Sing syahadat R karo mau, nang</u>	saat istri dan selingkuhan
190	<u>makam ki moco syahadat karo salaman. Lha</u>	berjabat tangan dan
191	<u>aku panas meneh. Mak nyas meneh, mau</u>	mengucapkan syahadat
192	<u>wis dun dunan mau wis rapopo trus aku</u>	(WR:W2:189-194)
193	<u>ngajak rampung ziarah mulih trus sewengi</u>	
194	<u>raisoh turu.</u>	
195	Pas teng ziarah niku ngobrol mboten	
196	niku?	
197	<u>Yo ora, jaga jarak</u>	
198	Lha niku ceritane nopo kok maos	
199	syahadat?	
200	<u>Pas neng kono ki tak takoni yoan. Lha</u>	Informan memilih diam
201	<u>karepmu do moco syahadat mau ki kepiye?</u>	untuk menghindari konflik
202	<u>“Embuh kang, aku yo ra reti”. iku jawabane</u>	(WR:W2:200-210)
203	<u>sik lanang. Lha sik wedok yo tak takoni,</u>	
204	<u>karepmu opo moco koyo ngunu kuwi barang</u>	
205	<u>ki? “Lha ora piye piye”. Ra piye piye kok</u>	
206	<u>ndadak koyo ngono. Kowe ki sembrono</u>	
207	<u>podo wae nganggo dolanan sik kuoso. “ora</u>	
208	<u>piye piye karepku kuwi”. Sik wedok ki tetep</u>	
209	<u>ngengkel. Aku mung terus trimo meneng</u>	
210	<u>ndak malah gedowo dowo.</u>	
211	Saking ziarah niku tasih bel bel an	
212	mboten?	
213	<u>Ora., hp tak gepuk kartune tak jikuk. Trus</u>	Informan membanting hp
214	<u>wingi tuku hp meneh terus mati meneh.</u>	istri (WR:W2:213)
215	<u>akhire seprene ra gowo hp.</u>	
216	Dadose pun mboten nyekel hp?	
217	<u>Ora</u>	

218	Trus sakniki pun malih dereng kasare,	
219	nggih maksudte pun berubah dereng?	
220	Yowis mboko sitik wis berubah	
221	Jenengan kan asline nggonduk nggih	
222	mesti, tapi kuk jenengan saget trimo	
223	meneng?	
224	<u>Yo piye yo mbak, nek karo batih wong</u>	Informan merasa jengkel karena selingkuhan istri adalah sahabatnya sendiri (WR:W2:224-238)
225	<u>jenenge mbendino amor, tapi nek karo sik</u>	
226	<u>R*** ki karepku wong jenenge konco apik,</u>	
227	<u>konco pendak dino. Lha masalahe ngene lho</u>	
228	<u>mbak, aku ki karo kono ki di jak kepiye wae</u>	
229	<u>ki wis manut, dijak nyandi wae tak iyon</u>	
230	<u>mangkat. Sik gawe ngganjel neng pikiranku</u>	
231	<u>aku ki wong mbendino wis tak iyon tak nut</u>	
232	<u>kok wonge malah koyo ngono kuwi. Kuwi</u>	
233	<u>sik ngganjel tekan saiki ki. Dadi nek</u>	
234	<u>umpamane kon los koyo mbiyen ki isih</u>	
235	<u>ngganjel. wong piye piye tak nut, ayo ngene</u>	
236	<u>kang yo tak iyon kuk akhire koyo ngono.</u>	
237	<u>Yo mung kuwi mbak sik marai aku ngganjel</u>	
238	<u>tekan saiki.</u>	
239	Tapi nek kalih kluargane riko pripun	
240	jenengan?	Informan berhubungan baik dengan keluarga selingkuhan istri (WR:W2:241)
241	<u>Aku apik,</u>	
242	Biasa?	
243	Biasa, senajan R*** ki nek karo aku ki saiki	
244	adoh tapi aku ra duwe niat ngedohi. Nek	
245	karo bapakne, mbokne, adine tetep apik aku.	
246	Ora duwe roso mangkel ora duwe roso	
247	kepiye kepiye	
248	Lha nek kang R*** nek kalih kluargane	
249	riki pripun? mbok dhe mbok dhe?	
250	Biasa	Anak informan mengetahui konflik yang terjadi (WR:W2:252)
251	A*** ngertos mboten e masalah niki?	
252	<u>Ngerti</u>	
253	Gek pripun tanggapane?	Anak menyesali perbuatan kedua orang tuanya (WR:W2: 254-255)
254	Ndisik ki tahu muni, <u>wong tuo kok malah do</u>	
255	<u>koyo ngono. Re muni yo mung ngono kuwi.</u>	
256	A**** nek kalih kang R*** pripun e?	
257	Ra piye-piye wong yo ra tau crito nek	
258	ngroso piye piye ngono ki	
259	Nek karo mamake sengit mboten?	
260	biasane kan nek ngoten niku mbekas	
261	nggih lukane?	
262	Ora ki	
263	Pas ngertos niku saking pundi? saking	

<p>264 265 266 267 268 269 270 271 272 273 274 275 276 277 278 279 280 281 282 283 284 285 286 287 288 289 290 291 292 293 294 295 296 297 298 299 300 301 302 303 304 305 306 307 308 309</p>	<p>jenengan nopo saking mamake <u>Seko mamake dwe, malah mamake ki tau</u> <u>ngomong dewe nek seneng karo sik kemau.</u> Yo pas neng kene ki pas mangan cah telu, mamake ngomong nek seneng karo kang R***. Hayo neng ngarep anake ki malah ngomong koyo ngono kuwi Gek jenengan pripun? <u>Yo loro mbak neng gor tak ampet, wong</u> bocah ono kabeh yo nek aku rep kepiye kepiye ndak malah...trus re ku jawab, nek sesama manusia ki yo kudu seneng. Ooo, lha A*** jawab pripun? Ora jawab mung muni lha kowe kuwi mak Berarti ngaku nggih <u>Hayo ngaku, hayo pas bar kasus kuwi ki tak</u> <u>kandani pokok e tak pengeng smsan tak</u> <u>pengeng bel bel an yo gelem, tapi njaluk</u> <u>pokok e tiap ketemu pengen salaman. Nah</u> pas ktemu karo R*** tak omongke mbak, nah jawabane wong wedok ki koyo ngunu kuwi nek menurutmu piye? nek dudu muhrime ki kepiye?"ora popo kang, ora popo" ngunu kuwi kok malah gawe hukum dewe wong yo wong ngerti. Malah ora popo kang ora popo, rak yo selenco. Neng batinku nek ono akibate kuwi dadi tanggunganmu, batinku Ohh bererti garwone jenengan ki ngomong, mboten bel-bel an mboten smsan mboten nopo-nopo? Iyo ra bel bel an ra popo tapi kudu salaman kuwi mau, pokoke angger petuk arep salaman. Makane tak omongke karo sik lanang kemau, nek udu muhrim kepiye malah ora popo ora popo kemau Niku sak liyane kalih kang R*** nate ngoten niku mboten? <u>Ora</u> Nggih nembe sepisan? <u>Ho.o, tapi nek dinalar ki koyo ora nalar lho</u> <u>mbak. Wonge ki bar sengit karo R*** lho.</u> <u>Masalah syawalan</u> Syawalan? Syawalan nendi yo kae ki, pokoke rong tahun sakdurunge iki wingi ki</p>	<p>Anak mengetahui konflik yang terjadi dari istri (WR:W2:265-266)</p> <p>Informan merasakan sakit hati ketika mendengar istri mengatakan tentang konflik tersebut kepada anak (WR:W2:272)</p> <p>Istri mengakui kesalahannya, tetapi istri meminta persetujuan suami untuk selalu berjabat tangan setiap bertemu dengan selingkuhan (WR:W2:279-282)</p> <p>Istri tidak pernah berhubungan dengan laki-laki lain selain selingkuhanya (WR:W2:302)</p> <p>Informan menganggap hubungan istri dan selingkuhanya tidak masuk akal (WR;W2:304-306)</p>
--	--	--

<p>310 311 312 313 314 315 316 317 318 319 320 321 322 323 324 325 326 327 328 329 330 331 332 333 334 335 336 337 338 339 340 341 342 343 344 345 346 347 348 349 350 351 352 353 354 355</p>	<p>Masalah nopo? Kegiatan syawalan, sengit wonge ki, ngomong dewe sengit koyo-koyo ki ra ono penghargaan koyo wong ra di harga. Re ngumpulke bocah-bocah mbendino ngewangi ki koyo ra dihargai, koyo hadiah ki mandek neng kono. Kadang ono hadiah ki mandek setahun yo neng kono, hadiah seko kelurahan kae lho kan sok entok to, hayo kae mandek neng kono. Karepe wong wedok kene ki nek oleh hadiah ki langSg dinehke bocah-bocah dadi men do semangat ngono, neng rak ora. Bar sengit koyo ngono, koyo- koyo nek dinalar ki rak ora nalar to mbak Bar niku njenengan njaluk-njaluk berkah ngoten niku mboten? <u>He.em njaluk</u> Ten pundi? Klaten Tebih-tebih? Klaten, merapi, wonosari neng giloyo terus daerah sirian kene yo eneng. okeh mbak pokok e Terus hasile pripun? <u>Dadi wong wedok kemau re iso seneng kemau coro-coro dikei jampi-jampi seko panganan.</u> Gek panganan kemau tak cocoke karo kahanan cocok yoan. Pas kono arep entok giliran kan ngekei pacitan rene Tapi emang biasane maringi mriki? <u>Ho.o, ngekei pacitan. Lha sik digowo tapid anake kemau dikei e simbok gek sik digowo dek e dinehke kene, aku terus mondo curiga po nggohno le anu ki liwat panganan wingi kae.Dadi gowo loro sik siji digowo tapid anake kemau sik siji dinehke dewe, mestine ndak keliru po epiye re nggenhke. Muni sik seko merapi ki ngomongke nek iki re iso dadi koyo ngeneki mergo panganan. Yo sik digowo tapid karo wonge kemau, wong yo aku yo neng kene ki gek simbok neng dalam ngisor kono kae. yo ono benere..</u> Sik nampani berarti jenengan nopo garwone jenengan? Nampani kuwi..... emm lali aku. sopo yo pokoke nek ra anak yo batihku</p>	<p>Informan berusaha mendatangi orang pintar (WR:W2:326)</p> <p>Istri bisa melakukan hal itu karena kekuatan ghaib (WR:W2:334-336)</p> <p>Perilaku istri disebabkan karena makanan yang diberikan oleh selingkuhanya (WR:W2:340-351)</p>
--	---	--

<p>356 357 358 359 360 361 362 363 364 365 366 367 368 369 370 371 372 373 374 375 376 377 378 379 380 381 382 383 384 385 386 387 388 389 390 391 392 393 394 395 396 397 398 399 400 401</p>	<p>Dede jenengan? Udu... udu aku. pokoke sik digowo dek.e ki di nehke kene Lha jenengan dereng enten curigane to pas niku? Yo wis ono mbak jane, wis ono. Wong ktemu aku ki wis sok klisikan, mlengos, isin-isin wedi kepiye ngono Lha jenengan ki sering pengajian bareng to? <u>He.em.. neng yo saiki saplok wingi kuwi pengajian berjanjen minggu legi prei sikik aku</u> Tapi mbak s*** mangkat? Yo mangkat, aku rung patek penak isik ngganjel nggon ngen-ngen Jenengan ngjinke nek mbak S*** kan niku acara rutin? <u>Yoo sok kadang ada kekhawatiran nek tak biasake apik wong yo niat apik, tapi nek kono eneng niat liyone kuwi mau yowis ben. Wallahua'lam</u> Jenengan meseni garwone jenengan mboten? <u>Yo sok tak peseni mbak, ibarate nek mlaku ki mbok sak mestine wae wis rasah noleh ngiwo nengen. Nek ndisik yo cen anu mbak, dek aku isik panas-panase yo tak kon ra mangkat sikik yo ngen-ngen ku mung pisan pindo tapi yo tetep ngengkel tetep kudu mangkat. Ndisik pernah tak pengeng yo pisan pindo leren ndisik ben kono ki yo iso mikir. Tapi tetep ngengkel kudu mangkat</u> Niku nopo alasane mlampah niku? <u>Yo ra ngerti mbak, neng mestine jenenge wong isih seneng to mbak, mestine yo kudu mangkat, yo di dorong roso seneng kemau</u> Jenengan nesu mboten? <u>Nek saiki yo wis ora mbak, tapi ndisik sebulan rong bulan yo isik panas, nek saiki yo wis biasa, sik penting wis ra di ungit masalah kuwi, neng engko nek aku diungkit masalah kuwi neng ngen-ngen ki yo sok isik eneng</u> Tapi jenengan nek kalih mbak S*** priipun rasane ki tesh onten mboten,</p>	<p>Informan tidak lagi mengikuti kegiatan di lingkungan (WR:W2:366-368)</p> <p>Informan mengizinkan istri tetap mengikuti kegiatan dimasyarakat, meskipun mash ada kekhawatiran (WR:W2:374)</p> <p>Informan selalu berpesan kepada istri untuk merubah perilakunya (WR:W2:380-386)</p> <p>Istri masih menyimpan rasa untuk selingkuhan (WR:W2:390-391)</p> <p>Informan merasakan sangat sakit selama satu sampai dua bulan, sering merasakan sakit ketika konflik tersebut di ungit (WR:W2:394-399)</p>
--	---	---

<p>402 403 404 405 406 407 408 409 410 411 412 413 414 415 416 417 418 419 420 421 422 423 424 425 426 427 428 429 430 431 432 433 434 435 436 437 438 439 440 441 442 443 444 445 446 447</p>	<p>tasih koyo sak durunge onten kejadian niki po malah tambah? <u>Yo nek saiki yo tambah apik, aku berubah tak apiki.</u> Tapi kadang yo nek kono kesel po piye kono yo sok muring Berarti jenengan malah nderek berubah? Ho.o yo tak apiki, tak apiki Sak derenge niku enten konflik-konflik lain mboten? <u>Yo ora mbak, ndisik ki awale i le ndarani aku kasar ki to tak omongi neng wong wedok muslim ki tak kon nyandang sik rodo pernah, pisan pindo tak omongi rung gugu, ping telu tak omongi meneh. Ha nek wis ping telu ki rak yo mungkin suaraku tambah to mbak, minurute kono ki kasar tanpa dasar.</u> Dadi wong lanang kok kasar, nek aku ki menurutku tanggungjawabku ki ngandani. <u>Nek di arani kasar aku ki cen mundak kasar, tapi kan mendidik ora gek aku ki kasar sak gelemku ki ora.</u> Dadi aku ki rak dikandakke kasar karo wonge kemau. Wonge malah ngandani aku nek dadi wong lanang ki ojo kasar Sik lanang ngandani jenengan? He.em, oh berarti wingi kae. <u>Tapi aku kasar mendasar. Kuwi dadi hak ku dadi kewajibanku nek ra tak omongke malah dosa aku. Wong kuwi hak ku kewajibanku.</u> Neng aku yo ming yoh ngono nek tak sauri malah kedowo-dowo Lha niku ten pundi e re ngomong kalih jenengan? Neng cakruk, oh berarti mbiyen kae. wong nyandang ki sik pernah dadi wong wedok ki sik oleh ketok mung rai karo epek-epek. karepku ki ngono mbak Neng jenengan kalih garwone kang R*** pripun kang? Nek kono ki mergo kegowo sik lanang kemau, dadi rodo adoh ro aku. <u>Nek aku ki blas ra duwe roso piye-piye mbak.</u> Aku yo ra ngedoh ra piye, tapi kan sik anang adoh ro aku to, dadi sik wedok yo melu adoh ro aku kemau. Aku yo mung ben ngunu Nek mbak S*** pripun nek kalih</p>	<p>Informan memperbaiki perilakunya (WR:W2:404-405)</p> <p>Konflik berawal ketika informan menasehati istrinya agar berpakaian lebih sopan (WR:W2:411-417)</p> <p>Informan di anggap kasar oleh istrinya (WR:W2:420-422)</p> <p>Informan kasar karena memiliki dasar (WR:W2:427-430)</p> <p>Informan bersikap biasa kepada istri selingkuhan (WR:W2:442-443)</p>
--	---	--

<p>448 449 450 451 452 453 454 455 456 457 458 459 460 461 462 463 464 465 466 467 468 469 470 471 472 473 474 475 476 477 478 479 480 481 482 483 484 485 486 487 488 489 490 491 492 493</p>	<p>garwone? Wah nek mbiyen ki malah dadi kejutan ro masyarakat, niate ki srawung apik, golek eblek bareng, jagong neng sanggrahan bareng gek ngampiri kono Ohh malahan? <u>Lha iyo mbak, gek pertemuan neng bale yo bareng. Lha tonggo-tonggo ki do muni lha uwong kuk koyo ngono ki kepiye, aku yo jawab wis mbuh aku ra rep muni piye-piye wis pokoke sik ngerti jenengan sedoyo pun monggo ajeng nilai kados pripun kulo mboten ajeng ngomong nopo-nopo. Apik ro kono ki mbiyen, nek saiki malah ngedoh ro kono. Tapi jarene kono sik ngedohi. pokok e ora gelem koyo mbiyen.</u> Emm, padahal re ten pundi-pundi sareng niku sakwise konflik nggih? He.em bar kuwi malah soyo nemen, soyo raket kemau. wong do di batin uwong kuk. iki ki kepiye to bar koyo ngunu kuk malah kraket. Heheh koyo sinetron. Jenengan niate ten wonosari ten klaten niku niate nopo, ajeng mencari tahu kenapa? nopo ajeng mbalekke roso nopo kepripon? <u>Yo pertama mau mencari tahu kenapa kok istri saya seperti itu, opo kreno aku terlalu kasar. opo mergo knopo, opo pine ono sik gawe? nek misal ono sik gawe aku yo njaluk syarat ben iso pulih koyo wingi tor ben lali karo sik lanang kuwi</u> Kasus ini kan berat nggih? cara jenengan buat menghadapi ini semua kepripon? <u>Yo nek aku ming pasrah, aku njaluk penuwun sik kuoso ki aku kuat, trus yo aku njaluk pinuwun sik jelas doaku yo mung mugo-mugo wong wedok kemau iso berubah pulih koyo mbiyen. Kanggo aku dewe yo ming kemau, koyo dene nek wingi ki aku mung mangkat pindo nek saiki dadi mangkat ping papat, yo tambah re mendekat karo Allah. Bar iku yo ming pasrah, wong kabeh ki seko sik kuoso kabeh bali seko nyane sik kuoso</u> Onten niat-niat ndongakke kono ben</p>	<p>Istri informan dan istri selingkuhan berteman sangat akrab (WR:W2:454-463)</p> <p>Informan mencari tahu penyebab konflik tersebut kepada para kyai (WR:W2:474-476)</p> <p>Informan menyerahkan semua permasalahan ini kepada Allah dan lebih mendekatkan diri kepadaNya (WR:W2:482-492)</p>
--	---	--

<p>494 495 496 497 498 499 500 501 502 503 504 505 506 507 508 509 510 511 512 513 514 515 516 517 518 519 520 521 522 523 524 525 526 527 528 529 530 531 532 533 534 535 536 537 538 539</p>	<p>kepiye? istri ben kepiye? ke hal sik negatif ngoten mboten, kan biasane nek nembe jengkel kan ngrasakke pripun ngoten nggih.. <u>Kadang yo sok ono mbak, nek lagi kelingan po nek wong wedok mulai kasar kae kadang rasane koyo rep kepiye ngono, tapi yo tak ampet ndak dadi, jenenge howo ki rak marai biyualah engko ndak malah dadi</u> Tanggapan keluarga jenengan kalih mbak s** pripun? <u>Yo ming kok iso, kok iso duwe ngen-ngen duwe coro koyo ngono ki kepiye</u> Nderek ngandani mboten? kados mbah ? <u>Yo ngandani, simbok ngisor yo melu mlumpuk neng kene</u> Oh sedanten mriki? Mlumpuk neng mriki Lha niki garwone jenengan pripun? Yo piye yo mbak, dadi koyo-koyo ki ra terimo. jenenge wong urip kan perlu nafkah lahir yo nafkah batin y mbak. mestine ono sik kurang mbuh kuwi nafkah lahir mbuh batine. <u>Tapi mungkin dia itu kekurangan nafkah lahir, mbokan. sik di nggo pokok masalah ketoke. Lha aku ki dikabarke selama 17 tahun ra menafkahi kok mbak,</u> Niku cerito kalih sinten? <u>Karo wong liyo, yo ngandakke nek aku ki selama 17 tahun ra nafkahi kemau. wo yoh</u> Oh niku sik dadi alasan? yo rapopo, wong sik reti yo tonggo teparo sakniki kan garwone jenengan mbutdamel, niku pun dangu dereng? <u>Yo urung mbak, yo sak bar e ono masalah kuwi lagi mbutgawe. Aku i yo kadang nekmbutgawe neng ngomah ki rak yo kadang angel kadang gampang tak rewangi buruh-buruh neng sumtra neng kalimantan ki yo tak lakoni demi keluarga mbak, neng kok akhire ming dianggep tanpo menfkahi ki..padahal aku entok duit tak kirimke, aku mulih nggowo duit tak ulngke. mung kejobo tak simpen mungkin arep mtak nggo iki ngono aku yo ngomong mbak, aku njikuk iki.</u></p>	<p>Informan sering merasakan adanya niat balas dendam ketika memngingat perilaku istri, tetapi tetap menahan dari pada berkepanjangan (WR:W2:498-502) Keluarga heran dengan konflik yang terjadi (WR:W2:505-506) Keluarga menasehati istri dan informan (WR:W2:508-509)</p> <p>Istri merasa kebutuhan lahirnya tidak terpenuhi (WR:W2:517-520)</p> <p>Istri mengaku dengan tetangga tidak di nafkahi selama 17 tahun (WR:W2:522-523)</p> <p>Istri mulai bekerja setelah terjadi konflik (WR:W2:528-529)</p> <p>Informan memberikan semua uang hasil kerjanya untuk istri (WR:W2:533-539)</p>
--	---	--

<p>540 541 542 543 544 545 546 547 548 549 550 551 552 553 554 555 556 557 558 559 560 561 562 563 564 565 566 567 568 569 570 571 572 573 574 575 576 577 578 579 580 581 582 583 584 585</p>	<p>Berarti nek angsal rejeki nggih diparingke? He.e tak nehke, tak nehke. Nek pamane aku rung mulih nek ono duit tak kirimke nggo kebutuhan ngomah Nyuwun sewu mboten enten niat rampung, bubarane, cerai? <u>Aku mung ngene mbak, jodoh ki rak piyek-piyekno kersane Tuhan. Aku yo usaha bertahan tapi nek seumpama ndilalah kok sik terbaik kudu ngunu yo piye meneh. Tapi aku kudu tetep bertahan demi kluarga demi anak tak pertahanke. Tapi yo kemau nek ndilalah sik kuoso ki ngekei dalam sik luwih apik kudu ngono yo tak lakoni</u> Niku sik gawe alasan bertahan sik paling utama niku anak nopo sinten? <u>Anak mbak anak,</u> Jenengan sakniki nek karo tonggo pripun? <u>Yoo biasa</u> Enten sik nanglet-nangleti mboten? Yo kadang ono mbak, piye saiki ngono yoan. yo apik wis apik kabeh aku yo ngono mbak. <u>Kadang tonggo-tonggo ki mbrebes mili, nek krungu A*** bar pujian neng mesjid kae jare. Wong anake we koyo ngunu kok sik wong tuo malah duwe lakon sik koyo ngono. okeh sik ngomong. Kowe sik kuat wae le, nggih pandongane mawon</u> Kulo kan butuh tiang setunggal malih sik ngertos tentang bab niki, keluarga boleh nopo sinten sik menurut jenengan ngertos sedanten kalih jenengan ijinke menceritakan tentang niki? Me*** ngerti to kowe? yo kae reti yo ra kabeh tapi setidaknya banyak tahu Jenengan cerito kalih piyambake? Ho.o ho.o cerito, aku kudu piye cok ngono aku Sakniki jenengan nek kelingan-kelingan ngoten rak mesti nggonduk, jenengan pripun le menenangkan? <u>Anu mbak yo piye yo, Yoo ming muluh-muluhke, wong kabeh yo wis berubah apik wis mundak ayam neng ati</u></p>	<p>Informan tetep akan berusaha mempertahankan rumah tangganya demi anak (WR:W2:547-554)</p> <p>Alasan pertama informan bertahan adalah anak (WR:W2:557) Informan mulai biasa dengan masyarakat sekitar (WR:W2:560)</p> <p>Masyarakat sekitar ikut merasa simpati terhadap konflik yang di alami informan (WR:W2:564-569)</p> <p>Informan selalu menenangkan hatinya sendiri (WR:W2:583-585)</p>
--	---	--

586	Nek mbok dhe mriki pripun? berubah	
587	mboten?	
588	<u>Yoo ora, yo ming do biasa yo do ora kepiye-</u>	Sikap keluarga tidak ada
589	<u>kepiye</u>	yang berubah
590	Jenengan niku sedereke pinten to?	(WR:W2:588-589)
591	<u>Loro</u>	Identitas informan
592	Kaleh sinten?	(WR:W2:591)
593	Mamake mbak ul, mamake mbak ul niku	
594	mbake jenengan	
595	Nek garwo ne jenengan pinten?	
596	<u>Papat</u>	Identitas istri
597	Anak ke pinten?	(WR:W2:596)
598	<u>Telu</u>	Identitas istri
599	Nek sakniki berarti mbak s** pun	(WR:W2:598)
600	mboten nyekel hp blas?	
601	Ora	
602	Tapi cok protes nopo kepripun ngoten	
603	mboten?	
604	<u>Anu pernah protes, wong ra duwe hp ki</u>	Istri pernah mengeluh
605	<u>mung ra penak oyo wong ilang aku yo muni</u>	karena tidak dibelikan
606	<u>sok tuku, aku ngono</u>	handphone oleh informan
607	Bar kejadian niku jenengan nate mireng	(WR:W2:604-606)
608	kabar mbak s*** ketemu kalih niku	
609	mboten?	
610	Ora, ra tau krungu. gor tau pas kerjo neng	
611	kono kae ono sik ngomongi aku sik lanang	
612	mampir neng kono jajan ngono	
613	Kalih sinten? nopo piyambakan?	
614	Yo kadang karo adine kadang karo bapakne	
615	nek bar golek pakan kae. tapi aku wis suwi	
616	ra di sms koncoku ki mbokan wis ra tau	
617	mampir jajan.	
618	Jenengan kalih garwo kan sami dados	
619	pengajar ten mesjid? tanggapane wali	
620	murid pripun?	
621	Yoo umpomo wong mlaku rak mak jlek	
622	ngono to mbak. yoo kak kok iso ming ngono	
623	mbak. wong mlaku banter ki ujuk-ujuk	
624	mandek	
625	Saking mriko barang rak nggih tiyang	
626	ngertos ngoten lho?	
627	Lha yoo, wong do ngerti kok malah do koyo	
628	ngono	
629	Jenengan mengambil keputusan	
630	memaafkan niku bar-bar e mjud lego	
631	mboten rasane?	

<p>632 633 634 635 636 637 638 639 640 641 642 643 644 645 646 647 648 649 650 651 652 653 654 655 656 657 658 659 660 661 662 663 664 665 666 667 668 669 670 671 672 673 674 675 676 677</p>	<p><u>Yo nek awal isik ngganjel mbak, barang koyo ngono mbak, tetep angel. tapi suwine suwi yo iso luwih penak, tapi yo suwi kemau. Nek saiki wis lumyan mbak, wong yo karang wis ono tahunan rasane yo luwih ayem wae mbak neng urip</u> Bagi jenengan memaafkan niku untung mboten?hehe <u>Yo jenenge omah-omah ki untung ra dinggo untung rugi da nggo rugi mbak, sik jelas menurutku nek aku iso ngapuro bojoku setidake luwih penak to mbak re bebrayan, wong yo keluargane wis neng ndi neng ndi.</u> Nggih nggih kang, sik jenegan rasakne sak bar e jenengan manteb mboten ajeng mempermasalahkan bab niki nopo? Piye to mbak maksudte, hehe ra patio dong Nggih kan jenegan itungane memaafkan nggih kalih istrine jenengan, hehe. nah niku enten manfaate mboten? <u>Yo piye yo mbak sik jelas nek menurutku iku wis takdire gusti Allah, dadi yo kudu ditompo kuwi mau, ngendi eneng urip ora kesandung to mbak, hehe. Namanya manusia kan pasti punya salah, begitupun dengan kulo karo bojo kuwi mau.</u> Nggih leres kang, pun mboten dendam-dendam to <u>Waah yo ora mbak nek kuwi, wis kabeh ono sik ngatur tinggal dilakoni wae too. mung kadang roso loro nek pas kelingan ki mesti ono, tapi kan piye-piye no wis wingi yowis kan ngunu to mbak, po yo rep digawe masalah wae kan yo ora to.</u> Nggih kang, nggih mugi-mugi sedanten piningan dalam padang ngguih, kabeh saget bali kados kolo wingi tapi nggih mugu-mugi luwih sae, mosok nggih ajeng podo mawon hehehe Lha iyo mbak, yo dongo dinongo yo mbak. Matur suwun sanget wekdalipun, niki kulo badhe nyuwun pamit, menawi mangkih wonten pertanyaan malih terkait skripsi kulo, kulo nyuwun jenegan kerso maringi infirmasi malih hehe Nggih mbak, sak sagete kulo mangkih kulo</p>	<p>Informan sudah bisa merasakan lega (WR:W2:632-637)</p> <p>Informan merasa lebih nyaman setelah memutuskan untuk memaafkan (WR: W2:640-644)</p> <p>Informan menyadari hakikat manusia (WR:W2:652-657)</p> <p>Informan sudah tidak memiliki dendam (WR:W2:660-665)</p>
--	--	---

678	jawab kulo ewangi ning nggih namung	
679	ngoten niki sik saget kulo kandakke kalih	
680	jenegan, semoga dapat membantu selesai	
681	sekolah, saget mbutdamel sik kepenak, ben	
682	ra gor ning gunung wae hehehe	
683	Walaah asline ki malah eco ten gunung	
684	kang, ten kutho niku nopo-nopo dewe wes	
685	ra penak, panas opo-opo kudu tuku	
686	hehehe	
687	Gor kurang iki to mbak?	
688	Nggih lek, nggih pun kulo tak pamit	
689	nggih, matursuwun.. pareng,	
690	ssalamualaikum	

VERBATIM WAWANCARA SIGNIFICANT OTHER

Nama Informan : MS
 Usia : 38 tahun
 Jenis Kelamin : Laki-laki
 Tanggal Wawancara : 16 Januari 2017
 Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Wawancara ke : Satu
 Waktu wawancara : 16.10- 17.00

Kode : W-3 (*significant other informan WR*)

Baris	Transkrip Verbatim	Koding/Analisis
1	Pertama, perkenalkan diri dulu? Nama dan tanggal lahir?	
2		
3	Tanggal lahir 79..... 9 September	
4	Berarti berapa tahun niku?	
5	34 po yoo	
6	Emm 36,, eh 38 dink kang hehe	
7	Hubungan Anda dengan kang WR temenan sudah berapa lama?	
8		
9	<u>Sudah 15 tahunan.</u>	Hubungan pertemanan dengan Informan sudah 15 tahunan (MS:W3:9)
10	Berarti dari sebelum punya istri?	
11	Dari sebelum	
12	Nggih rencang celak? Temen dekat?	
13	<u>Iya teman dekat.</u>	Teman dekat (MS:W3:13)
14	Dari mudanya berarti sering ketemu?	
15	Iya sering ketemu	
16	Rencang ngaos ten pak N nggihan? Rencang ngaos mboten?	
17		
18	Enggak	
19	Teman bermain aja?	
20	<u>Teman bermain termasuk teman karib.</u>	Teman bermain (MS:W3:20)
21	Nek kalih garwane akrab mboten?	
22	Nek kalih garwane ya sekedar kenal wae mbk.	
23	Tapi lebih akrb sama?	
24	Iya lebih akrab sama mas WR	
25	Ngertos riwayat pernikahane mboten?	
26	nek riwayat pernikahan ya sedikit tahu	
27	Bisa diceritakan dari awal mereka menikah sampai	
28	<u>Dari awale memang kelihatane tanpa masalah sebetulnya</u>	Dari dulu tidak ada masalah, akhir-akhir ini baru ada masalah (MS:W3:28-29)
29	<u>cuman akhir-akhir ini, akhir-akhir wae ana masalah.</u>	
30	Rumah tanggane nek sama lingkunganipun pripun? sae?	
31		
32	Nek sama lingkungan adaptasine bagus.	
33	Berarti sejauh ini jenengan melihat tidak ada	

<p>34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52 53 54 55 56 57 58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74 75 76 77 78 79</p>	<p>permasalahan dengan keluarga mereka sebelum itu? Nek sebetule wis ana sih mbak cuman apa mungkin sik mas WR wae istilawe ngempet. <u>Sebetule tahun-tahun sebelumnya ki sinyal-sinyal permasalahan wis eneng.</u> Oh gitu? Nggih permasalahan sik mengarah ke yang besar. Iya, heem. Lha niku jenengan tahu dari masyarakat pun ngomong-ngomong nika napa? Sik sinyal-sinyal Asline sebelum ki masalah pecah <u>ki memang orang itu nek duwe hubungan karo wong liya kan ketara sifat-sifate, penampilan, segi penampilan, segi pembicaraan kan jane wis ana jane.</u> Cuman nek kang WR kan ora ambil pusing nek disik, “yowislah aku tak nggoni sabar wae”. Awal-awale? Cuman lama-kelamaan sik jenenge manusia kan sabar ana watese. Trus sampe masalah kui pecah kan kaya sik tak kandakke wingi. Kae pas nek ra salah pas malam selasa, masalah kui pecah tapi kerana itu kan ya masalah pribadi aku ra wani, istilawe ikut campur. Sebenere nek secara logikane, memang masalah kui pribadi tapi kan nek wis yo seje keluarga seje RT kan nek secara kenyamanan lingkungan kan wis mengganggu, cuman begitu kang WR tak intruksi kan “<u>ya sementara tak nggone dewe mis, wong kui masalahku wong aku diuwongke uwong mosok masalah koyo ngono aku raiso ngatasi</u>”. Lha pas malam selasa pecah yo pas bengi tak tunggoni, entah dia mlayu nandi aku ra ngerti tak lacak ra ana wonge . Yo nek masalah pribadi sih aku angkat tangan tapi nek masalah kriminal kan wis lain masalah, tak tunggoni nang cakruk kana. <u>Begitu dee mulih cerita nek masalah wis jebluk mis, iki gek arep kepiye,</u> lha kang WR tak takoni, keluarga jane piye arep to gawa nandi? Nek misale arep tok gawa mulih-ya dengan berat atimu karo yo mbuh lelakone bojomu kaya ngapa kui kowe kudu iso nampa. Nek misale ora, nggo opo to wong wedok koyo ngono kok isih dinggo, dalam arti kan nek kowe ra kuat ya aja diempet, yo kui nek masalah anak, masalah warga kui ana dalan liya. <u>Trus pas wengi kui dee nek janji pokoke sesuk arep tak gawa mulih” lah ternyata dengan seiring berkembangnya waktu ya krasa abot.</u> Permasalahane sik bersangkutan sik lanang kui emoh dionekke nek ganggu bojone wong liya. Sampe sekarang, pas wingi lebaran kan dee rana njaluk ngapura. Sik kidul? Hooh, yo wong jaluk ngapura ki ra ana kata-kata terlambat,</p>	<p>Tahun sebelumnya sudah ada tanda-tanda konflik dalam rumah tangga (MS:W3: 36-37)</p> <p>Sikap, penampilan dan cara bicara istri sudah mengarah pada perselingkuhan (MS:W3: 43-46)</p> <p>Memilih diam dengan masalah yang dialami, (MS:W3: 57-59)</p> <p>Informan mengeluh kepada teman (MS:W3:64-65)</p> <p>Informan berjanji akan tetap satu rumah dengan istri, tetapi semakin kesini Informan merasakan berat (MS:W3:72-74)</p>
--	--	--

